



Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware

Enfòm. Edike. Defann.

Pwogram Chwa Lekol nan Delaware & Elèv ak Andikap

YON TI KOUT JE

Pwogram chwa lekol nan Delaware se yon pwogram ki pèmèt paran pou aplike pou pitit yo ale nan yon lekol ki pa nan distri yo. Paran kap viv nan Delaware ka aplike pou pitit yo ale nan yon lekol piblik, lekol pwofesyonèl. Si yo pa anrejistre nan yon lekol piblik nan Delaware, timoun nan dwe anrejistre nan lekol ki nan rezidans yo (“lekol lakay” oubyen “feeder school”), lè sa paran ka fè yon demand pou chwa yon lekol.

Koman yon paran aplike pou yon chwa lekol?

Paran an dwe itilize fòm estanda aplikasyon pou aplike pou chwa lekol, ke ou ka jwenn, ansanm ak lòt resous pou chwa lekòl, sou paj depatman edikasyon nan Delaware (DOE’s) chwa lekol nan lyen sa:

<https://www.doe.k12.de.us/domain/81>, oubyen sou chak paj distri chwa lekol nan lyen sa:

<https://www.schoolchoicede.org/ChoiceApplications.aspx>

Konnen ke yon paran ka aplike pou plis ke yon distri lekol pou chwa lekol.

Dat limit pou aplikasyon chwa lekòl se 13 Janvyè 2021

Lè wap deside ki distri lekol ou pral aplike pou pwogram chwa lekol, li enpotan pou ou byen gade règleman distri lekol la pou pwogram chwa lekol (ansanm ak nenpot règleman ki konsène transpòtasyon. Li enpòtan tou pou ou asire w ke ou mete tout enfòmasyon ke ou dwe mete nan aplikasyon chwa lekol la.

ÈSKE PARAN YON TIMOUN KI GEN ANDIKAP KA APLIKE POU CHWA LEKOL?

Wi, paran yon timoun ki gen andikap ka aplike pou chwa lekol menm jan yon paran ka aplike pou chwa lekol pou yon timoun ki pa gen andikap.

Tanpri konnen ke pwogram chwa lekol la diferan de desizyon ke distri lekol lakay gwoup IEP (Pwogram edikasyon endividyalize) pou adrese bezwen timoun nan.



Pou plis enfòmasyon ale sou www.picofdel.org oubyen rele nan (888) 547-4412



PIC se yon òganizasyon nan tout eta a ki gen pou misyon pou ede paran angaje yo nan edikasyon.

KI DÈNYE DAT POU PARAN APLIKE POU CHWA LEKOL?

Si yon paran vle aplike pou chwa lekòl pou ane 2021-2022 , paran yo dwe soumèt aplikasyon an 13 Janvyè 2021

Genyen 2 tip eksepsyon pou dat limit 13 Janvyè 2021 a:

1. Gen yon date limit diferan pou paran kap aplike pou chwa lekòl pou timoun ki pran Komansè kindergarten pandan ane lekòl 2021-2022 an. Yon paran kap mete pitit lekòl pou ane 2021-2022 nan Kindergarten gen jiska premye jou lekòl la pou bay distri lekòl la fòm aplikasyon pou chwa lekòl.
2. Yon paran ka bay yon aplikasyon pou chwa lekòl après 13 Janvyè 2021 pou yon “bon rezon”. Definisyon yon “bon rezon” ekri nan fòm aplikasyon chwa lekòl pou chak distri, itilize link sa pou ou ale sou chwa lekòl nan paj DOE a: <https://www.schoolchoicede.org/ChoiceApplications.aspx>

KOMAN MWEN KA JWENN ENFOMASYON SOU CHWA LEKOL POU YON LEKOL ESPESIFIK ANSANM AK FOM APLIKASYON AN?

Ou ka jwenn enfomasyon sou chwa lekòl pou chak distri lekòl oubyen nenpot lekòl nan link sa: <https://www.doe.k12.de.us/domain/81>. Enfomasyon ak Resous pou chak distri lekòl ansanm ak nenpot lekòl gen ladanl: moun pou w kontakte pou pwogram chwa lekòl, ak fòm aplikasyon pou chwa lekòl.

KI KÈK RESOUS KI ITIL SOU PWOGRAM CHWA LEKOL NAN DELAWARE?

Paj depatman Edikasyon nan Delaware sou chwa lekòl genyen ladan l enfomasyon general sou chwa lekòl, ansanm ak link enfomasyon sou chwa lekòl, ak resous (enkli fòm aplikasyon, kontak, ak deskripsyon pwogram) pou chak distri ak lot lekòl yo: <https://www.doe.k12.de.us/domain/81>

Paj chwa lekòl nan Delaware (The SchoolChoiceDE.org) – Yon sant kote ou jwenn enfomasyon sou chwa lekòl nan Delaware, ki enkli kontak ak enfomasyon sou aplikasyon pou chak distri lekòl ak nenpot lot lekòl: <https://www.schoolchoicede.org/>

Tit 14 Kod Delaware (Chapit 4) – Lwa nan eta Delaware sou pwogram chwa lekòl: <https://delcode.delaware.gov/title14/c004/index.shtml>

Ou ka kontakte sant enfomasyon pou paran nan Delaware sou imèl sa picofdel@picofdel.org oubyen rele nan (888) 547-4412.



Pou plis enfomasyon ale sou www.picofdel.org oubyen rele nan (888) 547-4412



PIC se yon òganizasyon nan tout eta a ki gen pou misyon pou ede paran angaje yo nan edikasyon.